

## **Naming a Child**

### **Shona transcript:**

A: Tiri panyaya yevana, ungangadzwawo here kuti anopa mwana zita ndiani?

B: Ehh pakupa mwana zita ndingati kazhinji zviya pamukuriro edu panguva yedu yatiri ikozvino dzimwe nguva hapana munhu anonyatsonzi ndiye anopa zita. Asi kazhinji chandakaona manje chinaitika ndechekuti kazhinji mwana wekutanga kana ari muzukuru wekutanga wasekuru, wababa vemurume iyeye, kana ari wekutanga, kazhinji akaita mukomana anowanzopiwa zita rasekuru. Kana akaita musikana anowanzo piwa zita rambuya vake. Kana kuti vamwevo vanopihwa mazita ana tete kana kuti rababamunini kana babamukuru zvichingobva nekuti mukomana here kana kuti musikana. Kuti ndinyatsoti uyu ndiye munhu anonzi ndiye anopa zita, zvinongobva. Asi kazhinji chimwe chandakaona munhu anenge atumidza zita anotongoenda nechipo chake.

A: Ehe ndizvo zvandinoda kubvunza kuti kana uchida kupa mwana zita unongoenda wondoti mwana uyu anonzi zita rangu tongoti anonzi. kana kuti unoenda nechipo here wondobvisa mari kana kuti unongondoti zita ndiroriri?

B: Ahh chandakaona, kana uchida zita rako: Vanhu vakawanda zviya kana mwana ari mudumbu mumwe nemumwe anenge achiti ndoda kuti mwana uyu anzi zita rangu. Nekuti ndiri tete vake vekuside kuno, nditete vake ndibamunini vake, mumwe nemumwe anenge achitoda kuti zita rakewo rive nemunhu achasara naro. Saka zvinoitika ndezvekuti: nekuti pane nyaya yekuti vakawanda vanoda kutumidza zita mwana uyu, kana uchitoda iwewe kuti zita rako risimbe unotoenda nechipo chaunondopa mwana wacho iyeye wobva watomuti paanongozvarwa wotonoona mwana woti ndinoda kuti anzi chakati wovapa zvipo.

### **English translation:**

A: When it comes to child issues, who names a child?

B: Ehh, when it comes to naming a child, usually these days there is no specific person who is responsible for that. But usually what I have seen is that usually if the child is the first born or the first grandchild from the father's side, if the child is a boy, he is named after his grandfather. If the child is a girl, she is named after the grandmother. Sometimes people name their children after their aunts and uncles depending on the gender of the child. I cannot really say there is a person who names children because it depends on the family. But I also noticed that the person who names the child has to present a gift to the child.

A: Yes, I wanted to know that if you name a person do you just declare that the child is

going to be called this name or you have to go with a gift or do you pay money?

B: Ahh, what I have seen is that if you want to name someone after yourself, usually before the child is born, a lot of people will be scrambling to name the child after [themselves]. People want to have heirs to their names when they die, so in the scramble some says, “I have the right because I am the aunt or I am the uncle.” So what happens is this: because a lot of people want to name this child, if you want your name to win, once the baby is born, you visit the child with a gift and name the child.

**About CultureTalk:** CultureTalk is produced by the Five College Center for the Study of World Languages and housed on the LangMedia Website. The project provides students of language and culture with samples of people talking about their lives in the languages they use every day. The participants in CultureTalk interviews and discussions are of many different ages and walks of life. They are free to express themselves as they wish. The ideas and opinions presented here are those of the participants. Inclusion in CultureTalk does not represent endorsement of these ideas or opinions by the Five College Center for the Study of World Languages, Five Colleges, Incorporated, or any of its member institutions: Amherst College, Hampshire College, Mount Holyoke College, Smith College and the University of Massachusetts at Amherst.

© 2013 Five College Center for the Study of World Languages and Five Colleges, Incorporated